ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№115 (23.929) ● 2019 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказым ис лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкІэ я епщІанэ фестивалыр къыщызэІуахым КІуэкІуэ Казбек хэтащ

Грознэ къалэм щекІуэкІащ Кавказым ис лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкІэ я епщІанэ фестивалыр къыззрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ зэхьхьэ. Абы ирагъэблэгъа хьэщІэ лъапІэхэм ящыщщ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, округым хиубыдэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

СПОРТ-щЭНХАБЗЭ зэхуэсышхуэм кІэрихьэлІахэм фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъаазэри, КІуэкІуэ Казбек абыхэм ехьуэхьуащ ехьулІэныгъэхэр кІахьыну. «Кавказым ис лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкІэ я юбилей фестивалыр нэгу зыужькьышхуэщ. Лъэпкъхэм я зэкъуэшыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, зэныбжьэгъугъэм и щапхъэ нэс дагъэлъагъу Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэ щхьэхуэхэм къикІа спортсменхэм, гъаздржэм и лэжьакІуэхэм. Абыхэм ди республикэм и лы-кІуэхэри яхэтщ», - жиІащ КІуэкІуэм.

Къалэм и ут нэхъыщхьэм къыщызэІуахащ лъэпкъ художественнэ ІэщІагъэхэмкІэ гъэлъэгъуэныгъэ. Фестивалым и хьэщІэхэм папщІэ концертыщхуэ ятащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я гъэзджьІакІуэ, къэфакІуэ гуп нэхъыфІхэм.

Зэхьэзэхуэхэр спортым и лІэужьыгъуэу 12-кІэ ирагъэкІуэкІ. Абыхэм ящыщщ мини-футболыр, шабзэкІэ нэщанэ еуэныр, Іэпщэрыбанэр, атлетикэ псынщІэр, кІапсэкІэ зэпекъуныр, бгырыпхкІэ зэбэныныр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Казбек хуэзащ Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубз тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыхубз тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ литератор ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэным, лъэпкъым къадекІуэкІ хабзэкэр зэІущІыу щІыныжьэ щІыналъэ зэхуаку проект, программэ зэмылІужьыгъуэхэр гъэзэщІэныжьэ и лъабжьэу мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ Кавказ Ищхьэрэм щыгъэбыдэным пыщІа Іуэхуэхэм.

КІуэкІуэ Казбек тхакІуэм фІыщІэ хуищІащ лъэпкъ литературэм зегъэужьыным, щэнхабзэр егъэфІэкІуэным, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я хъугъэуфІыгъуэхэр гъэбэгъуэным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гуп нэхъыфІхэр Санкт-Петербург щекІуэкІыну фестивалым макІуэ

Жэпуэгъуэм и 5-м Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Кавказ Ищхьэрэ: дунейпсо зэкъуэтыныгъэ, гъаздржэм я зэкъуэтыныгъэ» фестивалым и концерт нэхъыщхьэр.

ТАСС хъыбарегъащІэ агентствэм щыгъуэу УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и ІуэхуэхмкІэ и министерствэм къыз эригъэпэща мы щэнхабзэ зэхьхьэшхуэр зыхуэунэтІар ди щІыналъэм ис лъэпкъхэм я гъэзджэм, туризмэм и Іэнатіэм щыІэ зэфІэкІхэм къаралым и щІыхуэр щыгъуазэ щІынырщ, Урысейм и щІыхубзм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнырщ.

Фестивалым и щІыналъэ Іыхьэм кърикІуэхэм ябгъ ткІІэ мы зэхьхьэшхуэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектэм я артист, уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ ансамбль нэхъыфІхэр.

Урысейм гъэзджэмкІэ и лэжьакІуэ нэхъыфІхэр зыхэт жюрим ягъэхъа лэжьыгъэхэр зэпэкърихащ икІи фестивалым и унэтІыныгъэ псомкІи текІуэхэр игъэбелджылащ.

Лъэпкъ Іуэху

Хасащхьэм и унафэхэр

Фокіадэм и 19-м Налшык щыізэхэтащ ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэс. Лъэпкъ Іуэхур егъэфІэкІуэным, зэманым къигъэув лъэпощхьэпохэм пэщІэтыным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэм тепсэлъхьыну, хэкІыпІэхэр къалъыхьуэну абы щызэхуэсат дунейм пщІэ лъагэ щызиІэ ди нэхъыжьыфІхэр, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и лІыкІуэхэр, министрхэр, Хасащхьэ, Гъэзэщ Іакуэ гупхэм хэтхэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, ДАХ-м и зэІущІэм кърагъэблагъат хьэщІэ лъапІэхэр. Абыхэм ящыщт: ДАХ-м и Тхьэмадэхэм я Советым и унафэщІ, адыгэ литературэм и классик Мэшбащ Іэ Исхьэкъ. УФ-м и Президентым и департаментым къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Мартынов Вадим, Горчаковым и цІэр зезыхьэ фондым и лІыкІуэ Карслиевз Викторие сымэ, нэгъуэщІхэри.

ИЗРАИЛЫМ щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм (Кфар-Камэ) и лэжьыгъэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъа абы и тхьэмадэ, ДАХ-м и Советым хэт **Нэпсо Закарие** къызэрыхигъэщамкІэ, а къэралыгъуэм щыІэ адыгэхэм я Іуэхур лъэныкъуэ кудкІэ къызэрэзэпэщащ. А щІыпІэм ди лъэпкъыр ФІыуэ къыщащІыкуи и мызакъуэу, ди тхыдэм, хабзэм, псэукІэм щыщІыгъуазэщ, Кавказым и щІыуэпс дахэр ящІэ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ящыщу Израилым щыІэхэм хуэдэу зи щхьэ, зи бзэ, зи хабзэ зыхъумэжьифа зэрыщымыІэр куэд дыдэм къыхэгъэщІ. Я деж щекІуэкІ адыгэ фестивалхэмрэ, зэхьиъэ дахэхэмрэ я гугъу ищІа иужькІэ, Закарие хъыбар гуапэ къызэхуэсахэм яжриащ - мы гъэм щыщІэдзауэ курыт еджапІэхэм «Адыгэ тхыдэ» дерс щыхьэуэ сабийхэм яджину хагъэхьащ.

КъБР-м, КъШР-м, АР-м я хасэ тхьэмадэхэу **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, Аслъэн Алий, ЛІымыщ ькъуэ Рэмэзан** сымэ кІэщІу тепсэлъыхьащ щхьэж зи лІыкІуэ республикэр Израилым зэрыдэлажьэм, лъэпкъ Іуэху зэрызэдащІэм.

- Израилым щыІэ хасэр къэрал властым и органхэм, хьэрычэтыщІэхэм уадэлэжьэр зэрызуейм и щапхъэ нэсщ. Ещанэ классым щегъэжьауэ абыхэм я щІэблэм анэдэлъхубзэр джын щІадзэ. Илъэс къэс Израилым къыщызэрагъэпэщ фестивалым дунейм адыгэу тетым я лІыкІуэхэр ирагъэблагъэ. Кфар-Камэ адыгэ къуажэр Израилым и жьпІэ нэхъ къабзэхэм, екІуэхэм ящыщ зыщ. Абы щыпсэуэхэм я Іуэху щІэкІэм уемыхъуэпсэнкІэ Іэмал иІэ-къым. Къэралым и хасэхэм я мызакъуэу хамэ щІыпІэ щыІэхэми дадзлажьэу, Іуэху зэдэтщІэу зэтедухуапхъэщ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэухэм ди къэралыр кьедгъэщІыхуныр ди къалэн нэхъыщхэщ. Адыгэ Іуэхущ Іапі э псоми я къалэнщ - адыгэбзэр, щэнхабзэр, хабзэр хъумэныр, егъэфІэкІуэныр. Лъэпкъыр лъэпкъ зыщІыжь а Іуэхугъуэхэр щІэблэм кьагурыдгъэІуэныр, ар абыхэм я деж пэжу нэтхъэсыныр ди фарзэщ,- жиІащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыщыпсэуэм.

Хамэ щІыпІэ щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм ящыщу езым и фІэфІыныгъэкІэ хэкужьым къэІэпхъуэжьну тезыуухаэм адыгэ диаспорэм зэрызыщІигъэкъуэфыну къэрал дэІэпыкъуныгъэм и Іуэхукіэ ДАХ-м и тхьэмадэм и ялэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан** къыщыпсалъэм жиІащ иджыблагъэ а программэм Сирием щыщ адыгэхэри зэрыхагъахьар узыщыгугфІыкІыну зэрыщытыр. УФ-м и Президент Путин Владимир абы папщІэ къызэрымыкІуэ фІыщІэшхуэ зэрыхуащІри дыщІигъужащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхуэхмкІэ и управлензм и лІыкІуэ **Блий Албэч** хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ехьэлІауэ мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къащта программэм ипкъ иткІэ адзэкъ хэкум къэкІуэжыну хуейхэм ящыщу ялэу арэзынигъэ зратынур КъБР-р лэжьыгъэкІэ нэхъ зыхуэунэкІуэ ІэщІагъэ зиІэ ди лъэпкъгъуэхэр арауэ зэрыщытыр щигъэІуэщ абы. ЗэІущІэм хэтхэм акъыл зэхэдзэ ящІа иужькІэ унафэ ящІащ а Іуэхур нэхъ псынщІэу икІи тыншу зэфІэха хъун папщІэ ведомствэхэм эзэдай гуп къызэрагъэпэщыну.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я щІэблэр 2019 - 2020 гъэхэм Урысей Федерацэм и ефжанІэ нэхъыщхьэхэм щІэгъэтІысыжьыным ехьэлІауэ щытащ къыкІэлъыкІуэ Іуэхугъуэр. Бырсекъуэ Орфан зэрыжиІамкІэ, мы илъэсым хэкум щІэныгъэ щызэзэщІэгъуэтыну хуей щІалэгъуалэр куэдкІэ нэхъ мащІэ хуэщІ. Псори зэхэту республикищми цІыху 43-рэщ ялэ курсым къыщІэтІысхьар.

- Мы гъэм Сирием щыщу Урысей Федерацэм и ефжанІэ нэхъыщхьэхэм цІыху 1500-рэ щІагъэтІысхьащ. УщымыгугфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым абыхэм адыгэ ныбжьыщІэ куэду зэрахэтым, - жиІащ Сэхьурокъуэм.

Курыт еджапІэм щыщІэсым щегъэжьауэ адыгэ щІалэгъуалэр дунейпсо политикэм хашэ. ДАХ-м и тхьэмадэм зэрыжиІамкІэ, Урысейм нэгъуэщІ къэрал щІыб ІуэхуэхмкІэ и министерствэм абыкІэ зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІащ. Урысейм и чрезвычайнэ лІыкІуэ, УФ-м нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхмкІэ министерствэм деж щыІэ Жылагъуэ советым и унафэщІым и кІуэдзэ Ерошкин Валерий и нэІэ щІэту Налшык дзэ еплІанэ курыт еджапІэм дипломатическэ классхэр къыщыхэзэгъапІэщ. Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэр къыхуриджащ я щІэблэр щыкІу щыкІэ лъапкъ Іуэхуэхэм къыхашэуэрэ драгъэхьэхыну.

- Адыгэхэм я махуэр лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, хабзэр, псэукІэр, дуней тетыкІэр нэІурыту щыдгъэлъагъуэ махуэу щытын хуейщ, - пищащ адзэкІэ Сэхъурокъуэм, лъэпкъ махуэщхуэм щытепсэлъхьым. - Адыгэм и гъэхьащІэкІэм пэхъун щыІэу къыщІэкІынкъым, ар «дипломатиекІэ» дуней псор зэджэращ. Зи къуэпсхэр жьжьэ къыщежьэ а хабзэ дахэм щІалэгъуалэр щІэтпІыкІын хуейщ. КІуэ пэтми ДАХ-м и лэжьыгъэм щІалэгъуалэ нэхъыбэ къыхьидошэ, нэхъыщхьэраци, щІэблэр Іуэху дахэхэм дехьэх. Абы и мыхьэнэр ди дежкІэ къыпхуэмыІуэтэнщ. Апхуэдэуи дэ диІэщ Тхьэмадэхэм я Совет. Тхьэмадэ Іумахуэхэм я псалъэ, гупсысэ, Іуэху епІыкІэ хэмыту зы Іуэхуи зэфІэкІырыкъым.

УФ-м и Президентым и департаментым къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ **Мартынов Вадим** къыщыпсалъэм жиІащ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ящыщу нэхъыбэм адзэкъ хэкум къагъэзэжыну зэращыгугъыр.

- Урысей къэралыгъуэм зыщихъуэмэжьфынур абы ис лъэпкъхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ ядэІэпыкъуэщ. КъухьэпІэ къэралыгъуэхэм хуэдэу ди лъэпкъэр зэхэдгъэшыпсыхьыж хьунукъым. ПІэщІагъэу ядж хуауэ Урысейм ис лъэпкъэр зэгурыІуэу, зэрыщІэу, зэныбжьэгъугъэ яку дэлъу къокІуэкІ, дапэкІи дызыхущІэкъунур аращ, - жиІащ Мартыновым.

КъыкІэлъыкІуэу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ бзэщІэныгъэлІхэр КІуэкІуэ Жэмалдин къызэралъхурэ илъэс 90, Мэфэ-тыкъуэ Къасым илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлІэу иращІэкІыну Дунейпсо Адыгэ зэхуэсым зэрызыхуагъэхьэзырым, Къурей щІыналъэм хьыхэ Инал-хьэжьихьэблэ дэт курыт еджапІэр адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрэджэн тхылъхэ къызэгъэпэщыным епхауэ кьащтауэ щыта унафэр зэрагъэзэщІам, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хуэгъэпса тхылъыр къыдагъэкІыну зэрагъэхьэзырым, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм и кІэуэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІыхь тхылъэмрэ дамыгъэ лъапІэмкІэ ягъэтэжащ, адыгэ Іуэхум ильэс куэд лъандэрэ хуэлажьэ цІыху зыбжанэ.

Хасащхьэм и лэжьыгъэм хьэрыпІэхэр я гуапэ дыдэу ехъуэхъуащ КъБР-м и дамыгъэ лъапІэр зыхуагъэфэща Мэшбащ Іэ Исхьэкърэ ЩІыхь орденыр зрата Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ.

ДАХ-м и зэІущІэм и лэжьыгъэр зыщІэлъ Іуэхуэхм ящІащ, адыгэ Іуэхум ильэс куэд лъандэрэ хуэлажьэ цІыху зыбжанэ.

Хасащхьэм и лэжьыгъэм хьэрыпІэхэр я гуапэ дыдэу ехъуэхъуащ КъБР-м и дамыгъэ лъапІэр зыхуагъэфэща Мэшбащ Іэ Исхьэкърэ ЩІыхь орденыр зрата Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ.

ДАХ-м и зэІущІэм и лэжьыгъэм щІалэгъуал

Зэрыкъуажэу зэдагъэлъапIэ

Мы гъэм илъэс ехэнэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэхэм) и махуэр. Абы текухауэ ди республикэм и щIыналъэ псоми зэIущIэ дахэхэр щекIуэкIащ. Аруан къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI Зыхьэ Оксанэ къызэригъэпэщащ къуажэ псор зыхэта гуфIэгъуэ зэхьихьэшхуэ. Ини цыкIуи, нэхъыжьыIуи, курыт ныбжьым ити щыгъэхуэсащ Щэнхабзэмкlэ унэм. Адыгэм ифI щигъэлъапIэ, и цыхуу цIэрыIуэхэр щIэт, и хабзэ дахэхэр утыку къыщихьэ, и бегъашIэр нэрылъагъущищI, и блэкIамрэ и нобэмрэ щыIэзэрыгъапщэ махуэм Аруан жылагьуэм и къэкIуэнур зыдэплъагъу и щIэблэри утыку кьришащ, лъэпкъым и псэ анэдэлъхубзэр ягъэбзэрэбзащ, нэхъыжьи нэхъыщIи дахэу зэхэтащ, ерыскъы Iэфlэхэр зыпетlь Iэнэ бей къагъэуващ.

АРУАН къуажэм и Нэхъыжьхэм я зэгурыэныгъэм и тхьэмадэ Бекъуэ Хьэбасрэ щIыпIэ администрацconsidерым и Iэтащхьэ Бейтыгъуэн Арсенрэ ху махъсымкlэ къраГъэблэгъащ хьэщIэхэр. Къызэхуэсахэр еплъащ махуэшхуэм и щIыхькIэ шхапIэхэм къызэрагъэпэща лъэпкъ шхыныгъуэхэм. Къуажэм дэт «Къардэн» ресторанымрэ «Урвань», «Шэбзэдджэрий», «Аруан», «Цезарь» шхапIэхэм, Беждыгъу Хьэдис сымэ япщэфIа лъэпкъ шхыныгъуэхэр пэIущIэ пэшым щегъэувэжкIат. Адыгэр нэгъуэщI лъэпкъхэм къызэрыщхьэщIыкI хабзэ дахэ куэд иIэщ. Абыхэм ящыщ цыху гъэжьэщIэкIэмрэ абы къыхутрагъэувэ шхыныгъуэ къэгатхэмрэ. Аруандэсхэм я Iэнэм тетт ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм и гуфIэгъуэ Iэнэм къытригъэувэу, хьэщIэ нэхъ лъапIэхэм къыхуаIэту щыта ерыскъыхэр, гъэщIэрэщIарэ бахъэр къащIхьэщихьу.

Къуажэдэсхэр зыщIэз пэшым махуэшхуэр щаублащ. Дэрэжэгъуэмрэ гурыфIыгъуэмрэ нэхъри яIэту Iэгуауэшхуэкlэ утыку къраГъэблагъэрт Адыгэхэм я махуэм щхьэкIэ хъуахъуэ нэхъжьхьэр. Махуэшхуэм ехьэлIа псалъэ гуапэхэр жаIащ, мы махуэм дуней псом щикъуэхьа адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы адыгэм и мызакъуэу, зэгъэнэгъу лъэпкъхэри зэрыгъэзрипхьр кхыхэщу кьэпсэльащ Аруан къуажэм и Нэхъыжьхэм я зэгъэныгъэм и тхьэмадэ Бекъуэ Хьэбас, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Бейтыгъуэн Арсен, Аруан районым Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщI Бэлахъуэ Хьэсэнбий, «Къэбалькъхьилъ» Iэхъущlапэм и унафэщI Джатэжь Розэ сымэ, нэгъэщIэхэри. Балъкъэрхэм ящыщ, Аруан къуажэм дэс Кучмезов Мухьэрбэч кьыхигъэщащ лъэпкъ зэхэгъэж щымыIэу адыгэри балъкъэрри мы жылэм зэрыщызэдэпсэур, адыгэхэм ягъэлъапIэ махуэшхуэхэр балъкъэрхэми зэрагуфIэгъуэр. балъкъэрхэм къаIэт Iуэху дахэхэр адыгэхэми зэрыдаIыгъыр, фокIадэм и 20-м ягъэлъапIэри абыхэм ящыщ зы зэрыхъуар.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iминат жиIащ фокIадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэу гъэуфыныр ДАХ-м кьыхихьэу, 2014 гъэм абы щыгъуэм КъБР-м и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Юрий къэрал унафэкIэ зэригъэувар, абы лъандэрэ махуэшхуэм зиужьу кьызэрекIуэкIыр, адыгэ зэрыс гъунэгъу хэгъэгухэми, уеблэмэ хамэ къэралхэм щыхэхэсхэми кьызэрыддащтар.

А махуэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыбгъэзекIщIыхь тхьэлъхэр хуагъэфэщащ адыгэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыгъэхьэзыра шхапIэхэм я унафэщIхэм. КъищынэмыщIауэ, фокIадэм и 20-м ипэ кьихуэу Зыхьэ Оксанэ Инстаграмым кьыщызэзригъэпэща хъуэхъу-зэпеэуэн щытекIуэ Къэбэрдей Линэ, Кьардэн Кристинэ, Тенэ Самирэ, КIущ зэшыпхьуэху Самирэрэ Данитэрэ, Зыхьэ Хъэдижэ, Маргъуф Тамерлан сымэ КъАХ-м и щIыхь тхьылъхэр иратащ. А ныбжьыщIэ жанхэм я хъуэхъуэхэр купщIафIэт, я адыгэбзэр шэрыот, езыхэр щIыкIафэт. Инстаграмым щытлъэгъуа хъуэхъуэхэр утыкуми щыжаIащ сабийхэм.

Къуажэдэсхэр зыгъэгушхуэхэм ящыщ щекIуэкIа Iуэху дахэр ягъэщIэрэщIащ уэрэджыIакIуэхэу Къэхъуи Оксанэ, Тхьэзэрлъ Залинэ, Болэ Астэлий, «Нур ет» уэрэджыIакIуэ гупымрэ апхуэдэ фIэщыгъэщIэ зезыхьэ къэфакIуэ гупымрэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтхэр тезыхар
Къарей Элинэщ.

Нобэрэ пщэдейрэ

ФокIадэм и 24, *гъубж*

♦Кърым Республикэм и Къарал гербымрэ къарал ныпымрэ я махуэщ
♦Чэруанакlуэм и дунейпсо махуэщ
♦1801 гъэм КъуэкIыпIэ Курж-жыр Урысей империем кьыхагъэбащ.
♦1812 гъэм Бородино деж щекIуэкIа зауэм ЩIэпсэ Суворовым и гъэсэн Багратион Пётр.
♦1938 гъэм Гризодубовэ Валентинэ зи унафэщI кьыхъыльатэм Москва - КIуэкIыпIэ Жьыжь гъэугуанэр кьемытIэсэхыу зэпичащ.
♦1957 гъэм Барселонэ къалэм къыщыщIэуахащ «Камп Ноу» стадионыщIэр. Иджыпсту ар Испанием и мызакъуэу, Европэми щынэхъ ин дыдэщ - абы цIыху 99.354-рэ йохуэ.
♦1993 гъэм Урысейм кьыщызэрагъэпэщащ ЦIыхуэм и хуитныныгъэхэмкlэ комиссэ.
♦1999 гъэм Инджылызым и кьалащхьэ Лондон кьыщызэIуахащ Артур Конан Дойль и литературэ лIыхъужь цIэрыIуэ Холмс Шерлок и фэеплъ.
♦2010 гъэм дунейм ехыжащ СССР-м и вице-президенту, къэралым «зыщхьэIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр» кьыщызэзыгъэпэща ГКЧП-м и унафэщIу щыта Янаев Геннадий.
♦Уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ** кьызэралъхурэ илъэси 156-рэ ирокъу.
♦Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщIу, премьер-министру, Сенатым и Iэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид** кьызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
♦Совет къэрал, политикэ лэжьакIуэ, 1984 - 1985 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Черненкэ Константин** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Рубальская Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкlэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэркъуасэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Семэн Руслан** кьызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Тележурналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал Iуэхущlапlэм и унафэщIу щыта **Къардэн Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

ФокIадэм и 25, *бэрэжьей*

♦1632 гъэм Якутск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦1763 гъэм Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Москва кьыщызэIуахащ Урысейм щыяпэ сымаджэщыр. Абы пащтыхь гуащэм и къуэ Павел и цIэр фIащауэ щытащ.
♦1818 гъэм инджылыз дохутыр Бланделл Джеймс дунейм щыяпэу зы цIыхум и лъыр адрейм хигъэльэдауэ щытащ.
♦1934 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз IуэхущIапIэхэм я япэ спартакиадэр.
♦1935 гъэм СССР-м щIакхъуэ уасэр нэхъ пуд щащIащ, лы, бдзэжьей, фошыгъу кьырращэхэр папщIэ яуэ щыта карточкэхэр кьамыгъэсэбэпыж хъуащ.
♦1941 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ ищIащ уIэгъэ хъуа зауэлIэхэр зыхуэИ хуэгъэзэнымкIэ комитет кьызэрагъэпэщащ.
♦1943 гъэм Дзэ Плъыжьым Смоленск къалэр нэмыцIэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьаIэщIигъэкIыжащ.
♦1991 гъэм ДОСААФ зэгухьэныгъэм и цIэр РОСТО жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦1999 гъэм Ельцин Борис Iэ тридзащ Налог полицэм и федеральнэ кьулыкъущIапIэм теухуа хабзэм.
♦Совет композитор, пианист щэджащэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Шостакович Дмитрий** кьызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
♦АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр** кьызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Бондарчук Сергей** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦ПшынауэIэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ я артист **Пщыхьэщlэ Мухьэжьыр** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий** кьызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Федосеевэ-Шукшина Лидие** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ зэщхьэгъуэзэкIуэ, «Оскар» саугъэтхэр зыхуагъэфэщащэу **Дуглас Майклрэ Зета-Джонс Кэтринрэ** кьыщалъхуа махуэ-жэр зэтохуэ. Нобэ Майкл илъэс 75-рэ, Кэтрин илъэс 50 зэрырикъур ягъэлъапIэ абыхэм.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщыешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

ЛъэпкъIущыгъэ:

Уи благъэжь къыбдищIэ щэхукIэ уи благъэщIэ дзыхь хуумыщI.

Лъэпкъ литературэм

Тхьэгъэзит Зубер и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэр Тэрч щIыналъэм хьихьэ Мэртэгей (Дей) къуажэм къыщалъхуащ. Школыр къиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал пединститутым и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и къудамэм. 1960 гъэм къыщыщIэдзауэ 1965 гъэ лъпIондэ Тхьэгъэзитыр «Советская молодёжь» газетым щылэжьащ. 1965 - 1971 гъэхэм ар «Іуащхьамахуэ» журналым и редактору, итIанэ редактор нэхъыщхьэу щытащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэс тIощIым Зубер ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарщ, 1991 - 1994 гъэхэм абы и тхьэмадэщ.

Тхьэгъэзитым тхэн щыщIидзар 1949 гъэрщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэ, поэмэ куэд. Зубер и Iэдакъэщ Iэкlэхэр зэрадзэкIауэ я анэдэлъхубзэхэмкIэ йоджэ украинхэр, латышхэр, куржыхэр, ингушхэр, шэшэхэр, абхъазхэр, балъкъэрхэр, азербайджанхэр, болгархэр, мэжэрхэр, хьэрыпхэр.

Езы Тхьэгъэзитым адыгэбзэкIэ ди пащхьэ къриль-хьащ Руставели Шота и «Къаплъныфэ зыщыгъ зекIуэлI» тхыгъэр, Мечиев Кязим и усэхэр, Пушкин Александр и усэхэмрэ поэмэхэмрэ щыщхэр, нэгъуэщI куэди.

«Зи усыгъэм дунейпсо мыхьэнэ иIэ», «Гумызагъэ» «ЦIыхубэм я гум къыщыIуу», «Пэжым хуэпэж», «Мамырыгъэм къыхуезыджэ», нэгъуэщI цIэ куэди фIащащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Тхьэгъэзит Зубер и ныбжьэгъу тхакIуэхэм. Акъыл куукIэ гъэнщIа и Iэдакъэщ Iэкlэхэм къытратгъэзэжурэ щIэзыплъыкIыж и щIэджыкIакIуэхэм я гум къыщигъэуш гупсысэм и хуэдагъымрэ абыхэм ядз къуэпсым и инагъымрэ уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуфIэщ.

Къалэн нэхъыщхьэ

ТХЬЭГЪЭЗИТЫР ящыщщ лъэпкъ литературэм гушхуауэ кьыхэбгъуа тхакIуэ зырызхэм, и япэ лъэбакъуэхэм щегъэжьауэ и къэухъ кьихьыным зыми щэн кьытрихьакъым, ауэ и творчествэр апхуэдизу гъэщIэгъуэну зэтепщыкIыну щымыгугъахэм абы и гъэуганэ дахэр я жэуапщ.

ЦIыхугъэ лъагэм и лыкIуэ тхакIуэхэм ящыщщ Тхьэгъэзитыр. Усэным хуэIэижь щIалэм и зэфIэкIым, гъащIэм кьыщехьулIэхэм, и нэгу щыщIэкIэхэм зрагъэхъуэжкъым, зэпIэзэрыту кьэкIуэным хуоплъэ армыхьэмэ. Абы и гуащIэр хэкум, лъэпкъым, цIыхугъэм, пэжныгъэм, зэкъуэтныгъэм, лъагъуныгъэм хуэгъэпсащ. ТхакIуэм и гу пцIанагъыр щынэIурытщ и Iэдакъэщ Iэкl куэдым.

Зубер и ныбжьу е нэхъыщIэу абы и лъэхъэнэгъуэхэм яхэткъым абы и тхыгъэ купщIафIэхэр зыхэзымыщIа, и жьауэм кьыщIэмыхьыкIа. Арагъэнщ, дауи, адыгэ усакIуэ нэсым и кьалэн нэхъыщхьэр.

Лъэпкъыр гъэзгу захуэ зэрыстемы и нэщэнэщ анэдэлъхубзэкIэ усэ тхакIуэхэр кьызэрыщIэхъуэм, абыхэм я Iэдакъэщ Iэкlэхэм зэрыщIэдзыкIым. Адыгэбзэм иIэ пщIэр нобэкIэ нэхъ лъахъшэ хъуауэ къзэзылъытэ щыIэми, адыгэу зыкъзэзылъытэж дэтхэнэми ецIыху лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ кьызэрымыкIуэ хуэзыщIа Тхьэгъэзит Зубер.

Къэбэрдей усыгъэм Тхьэгъэзитым и Iэдакъэщ Iэкlэхэм увыпIэшхуэ зэрыщIэубыдым и щыхьэтщ усакIуэ цIэрыIуэхэри критик лъащхэри абы и творчествэм хуэдизрэ фIыкIэ зэрылъэджэжар. ТхакIуэм и творчествэм нэхъ гъунэгъуу нэIуасэ фхуэзэтщIын мурадкIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ ди гуапэу фи пащхьэ идолтхьэ.

Гумызагъэ

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер хуэпэжщ гумызагъагъэм и пшыналъэм. Зубер жану зыхещIэ гъащIэр зэрыщIэфIри, пэжыр зэрылъэщIри, дунейр зэрыдаэхри, цIыху гумащIагъэр зэрыкIэухынымри. Абы кьыдэкIуэу усакIуэм кьыгуроIуэ гъащIэр махуэшхуэ зэфэзэщу зэремыкIуэкIыр, гуфIэгъуэр зыгъэункIыфI кьару бзаджэхэр зэрыщIыр, а кьарухэм теплъэгъуэ мину зэрызыкъагъэлъагъуэр. Уеблэмэ Зубер и тхыгъэ псори зы тхылъ абрагъуэу зещIэзыIулIар фIымрэ бзаджэмрэ яку дэлъ гужьгъэжьхэм я хэпщэкIэрщ. ГухэщIынщэ еплъыкIэмрэ гупсысэ жейбащхьэумрэ щIэжеикI усэхэм пасэу кьабгъэдэкIащ Зубер, гъащIэ мыпишым и нобэрей даэудапщхэм дуней псор зэрагъэзджызджыр макъамэ нэхъыщхьэу епсыхь усакIуэм. А макъамэр жэщи махуэ имыIэжу тхьэкIымэ жанкIэ кьиубыдурэ абы псэ хьэлэлкIэ пэджэж цIыхурыр усакIуэм нэкурэ напIэу иIэр. Сэ хьэолъагъуэ абы ди зэманым щыпашэ цIыху пэрытым и хьэл нэхъыщхьэр, гъащIэмрэ дунеймрэ цIыхугъэ кьабзэкIэ гъэщIэрэщIауэ хьумэнри егъэфIэкIуэнри.

Дэнэ щыIпи гъакIуэ, дунейм и фащэ дэтхэнэри кьеГащтэ, и гупсысэр блэкIам и Іуэхухэмрэ хуэгъэзауи щIы, псалъэкIэ кьаIуэтэгъуэй гурыщIэ Iэфlхэр бзыльхъугъэм зэрыхуигъафIэри кьалъытэ – сытым джэи усакIуэм и гъэфIэн цIыхур псэрэ акьылкIэ зэкIуэлIэжыр иджырей лъэхъэнэ зэрызэехьэм и тегъэщIапIэ фIыгъуэжр кIэпсIупс зыщI кьару бзаджэжр хэгъэщIэныщ. А мурадыр цIыху хьэлэлхэм дэнэ щыпIи щызэдаIыгъщ, ар Іуэхукlэ хэпщэныр я нэрыгъщ, икIи жьэгу пащхьэ хьэузпсапIэу кьэмынэжу, дуней псом и кIаруэ узышнэжэр а мурадым кьызэрызэщIэтар бгъуфIэрэ кууу кьызэрихутэфырыщ Зубер ди зэманым и усакIуэхуэхэм пэжыпхэ зыщIар. УсакIуэм псэкIэ игъэфIэ фIыгъуэхэр цIыхубэ хьэлэлым дежкIэ джэрпэджжэу щыIупщ тхэным насыпэ кьыщишэр. Зубер хуэпэжщ а хьэупсапIэр кьехъуIэным, тхэн Іэщ Iагъэм и гъуэгуанэ бжыгъэншэхэм щыщу нэхъ тэмэм дыдэр кьызэрыхихам ар и щыхьэтщ.

Хуэфlэкlым и мурадыр ебэкIыущ дэтхэнэми тхэн кьызэрыщIидзэр. УсакIуэ щIалэхэр дзэлъхьэх макъамэ хьэзырхэр мащIэу щытакъым Зубер тхэн щыщIидза лъэхъэнэми, тынштэкъым гъащIэм и гъуэгуанэ нэхъыщхьэр кьэбубыдыныр, зэман екIуэкIым и тегъэщIапIэ тэмэмхэр кьыхъхьныр.

Тхьэгъэзитым щIэх кьыгуроIуэ гупсысэ хьэхур зырыбзэ махэр:

Кьызумытыт, гъащIэ, зыри
Сэ си гуащIэ зыхэмылъ,
Нэгъуэщ! Іэм итъэхьэзыру
КъыкIэщIатлъхьэм Іэфl щIэмылъ!

Тхьэгъэзит Зубер хэкур зэрызыхищIэр иджырей цIыхум и епIлъкIэщ, абы дежкIэ хэку зэхэгъэж щIэлэхьым, ауэ кьыгуроIуэ дэтхэнэ цIыхуми зы хэку фIэкI зэримыIэр. Дэнэ щыпIэ щыIэми, хэт и бжьщхьэу ебакъуэми, Зубер игъафIэ цIыхур мы псалъэхэр зыхужьIэхэм щыщщ:

ЩIокIуэ си гулъэхэм хьэгъуэлIыгъуэ,
Гуфlэгъуэм гуаужкIэ зехъуэж,
Си хэку лIыхъужьхэ, сытым щыгъуи
Ди Іуащхьамахуэ фогъэпэж.

ЦIым, хэкум, дунейм и джэрпэджж сакъыу епI абы и гур, уафэгъуагъуэм и тхьэгъэшри дунейм и щэху макъыншэри абы дежкIэ лъапIэщ, псыIэрышэм и дзапэ уэрэдри кьуршыпс кьиуам и губжь ябгэри зэхуэдэу кьебыдыф. ЩIымрэ абы епIха нэщэнэхэмрэ Зубер и усэхэм дащIащи хуейуэ гъурлныуэ щотэдж, ауэ абы кьикIыркъым кьуаншагъэ лъэпкъ щымыIэжу, гъащIэр нур защIэу зэхэухуэнауэ: кьудамэ кьутар щIэгъэкъуэн щыхуей кьохьу, жыг щиупщIыкIыпхъи щыIэщ. ЕплъыкIэ зэмызэгъэхэр зэрызэунтIэIум иджырей гупсысэ пхъашэхэмкIэ епсыхь Зубер и усэхэр, ар хьэл нэхъыщхьэ хуэхъуауэ жыпIэ кьынуц усакIуэм и лэжьыгъэ псом. Усэмрэ цIыхупсэмрэ зыр зым игъэбер, гъащIэ мыпишым и нобэрей даэудапщхэм дуней псор зэрагъэзджызджыр макъамэ нэхъыщхьэу епсыхь усакIуэм. А макъамэр жэщи махуэ имыIэжу тхьэкIымэ жанкIэ кьиубыдурэ абы псэ хьэлэлкIэ пэджэж цIыхурыр усакIуэм нэкурэ напIэу иIэр. Сэ хьэолъагъуэ абы ди зэманым щыпашэ цIыху пэрытым и хьэл нэхъыщхьэр, гъащIэмрэ дунеймрэ цIыхугъэ кьабзэкIэ гъэщIэрэщIауэ хьумэнри егъэфIэкIуэнри.

Дэнэ щыIпи гъакIуэ, дунейм и фащэ дэтхэнэри кьеГащтэ, и гупсысэр блэкIам и Іуэхухэмрэ хуэгъэзауи щIы, псалъэкIэ кьаIуэтэгъуэй гурыщIэ Iэфlхэр бзыльхъугъэм зэрыхуигъафIэри кьалъытэ – сытым джэи усакIуэм и гъэфIэн цIыхур псэрэ акьылкIэ зэкIуэлIэжыр иджырей лъэхъэнэ зэрызэехьэм и тегъэщIапIэ фIыгъуэжр кIэпсIупс зыщI кьару бзаджэжр хэгъэщIэныщ. А мурадыр цIыху хьэлэлхэм дэнэ щыпIи щызэдаIыгъщ, ар Іуэхукlэ хэпщэныр я нэрыгъщ, икIи жьэгу пащхьэ хьэузпсапIэу кьэмынэжу, дуней псом и кIаруэ узышнэжэр а мурадым кьызэрызэщIэтар бгъуфIэрэ кууу кьызэрихутэфырыщ Зубер ди зэманым и усакIуэхуэхэм пэжыпхэ зыщIар. УсакIуэм псэкIэ игъэфIэ фIыгъуэхэр цIыхубэ хьэлэлым дежкIэ джэрпэджжэу щыIупщ тхэным насыпэ кьыщишэр. Зубер хуэпэжщ а хьэупсапIэр кьехъуIэным, тхэн Іэщ Iагъэм и гъуэгуанэ бжыгъэншэхэм щыщу нэхъ тэмэм дыдэр кьызэрыхихам ар и щыхьэтщ.

Хуэфlэкlым и мурадыр ebэкIыущ дэтхэнэми тхэн кьызэрыщIидзэр. УсакIуэ щIалэхэр зэдзэлъхьэх макъамэ хьэзырхэр мащIэу щытакъым Зубер тхэн щыщIидза лъэхъэнэми, тынштэкъым гъащIэм и гъуэгуанэ нэхъыщхьэр кьэбубыдыныр, зэман екIуэкIым и тегъэщIапIэ тэмэмхэр кьыхъхьныр.

Тхьэгъэзитым щIэх кьыгуроIуэ гупсысэ хьэхур зырыбзэ махэр:

Кьызумытыт, гъащIэ, зыри
Сэ си гуащIэ зыхэмылъ,
Нэгъуэщ! Іэм итъэхьэзыру
КъыкIэщIатлъхьэм Іэфl щIэмылъ!

Тхьэгъэзит Зубер хэкур зэрызыхищIэр иджырей цIыхум и епIлъкIэщ, абы дежкIэ хэку зэхэгъэж щIэлэхьым, ауэ кьыгуроIуэ дэтхэнэ цIыхуми зы хэку фIэкI зэримыIэр. Дэнэ щыпIэ щыIэми, хэт и бжьщхьэу ебакъуэми, Зубер игъафIэ цIыхур мы псалъэхэр зыхужьIэхэм щыщщ:

ЩIокIуэ си гулъэхэм хьэгъуэлIыгъуэ,
Гуфlэгъуэм гуаужкIэ зехъуэж,
Си хэку лIыхъужьхэ, сытым щыгъуи
Ди Іуащхьамахуэ фогъэпэж.

ЦIым, хэкум, дунейм и джэрпэджж сакъыу епI абы и гур, уафэгъуагъуэм и тхьэгъэшри дунейм и щэху макъыншэри абы дежкIэ лъапIэщ, псыIэрышэм и дзапэ уэрэдри кьуршыпс кьиуам и губжь ябгэри зэхуэдэу кьебыдыф. ЩIымрэ абы епIха нэщэнэхэмрэ Зубер и усэхэм дащIащи хуейуэ гъурлныуэ щотэдж, ауэ абы кьикIыркъым кьуаншагъэ лъэпкъ щымыIэжу, гъащIэр нур защIэу зэхэухуэнауэ: кьудамэ кьутар щIэгъэкъуэн щыхуей кьохьу, жыг щиупщIыкIыпхъи щыIэщ. ЕплъыкIэ зэмызэгъэхэр зэрызэунтIэIум иджырей гупсысэ пхъашэхэмкIэ епсыхь Зубер и усэхэр, ар хьэл нэхъыщхьэ хуэхъуауэ жыпIэ кьынуц усакIуэм и лэжьыгъэ псом. Усэмрэ цIыхупсэмрэ зыр зым игъэбер, гъащIэ мыпишым и нобэрей даэудапщхэм дуней псор зэрагъэзджызджыр макъамэ нэхъыщхьэу епсыхь усакIуэм. А макъамэр жэщи махуэ имыIэжу тхьэкIымэ жанкIэ кьиубыдурэ абы псэ хьэлэлкIэ пэджэж цIыхурыр усакIуэм нэкурэ напIэу иIэр. Сэ хьэолъагъуэ абы ди зэманым щыпашэ цIыху пэрытым и хьэл нэхъыщхьэр, гъащIэмрэ дунеймрэ цIыхугъэ кьабзэкIэ гъэщIэрэщIауэ хьумэнри егъэфIэкIуэнри.

Дэнэ щыIпи гъакIуэ, дунейм и фащэ дэтхэнэри кьеГащтэ, и гупсысэр блэкIам и Іуэхухэмрэ хуэгъэзауи щIы, псалъэкIэ кьаIуэтэгъуэй гурыщIэ Iэфlхэр бзыльхъугъэм зэрыхуигъафIэри кьалъытэ – сытым джэи усакIуэм и гъэфIэн цIыхур псэрэ акьылкIэ зэкIуэлIэжыр иджырей лъэхъэнэ зэрызэехьэм и тегъэщIапIэ фIыгъуэжр кIэпсIупс зыщI кьару бзаджэжр хэгъэщIэныщ. А мурадыр цIыху хьэлэлхэм дэнэ щыпIи щызэдаIыгъщ, ар Іуэхукlэ хэпщэныр я нэрыгъщ, икIи жьэгу пащхьэ хьэузпсапIэу кьэмынэжу, дуней псом и кIаруэ узышнэжэр а мурадым кьызэрызэщIэтар бгъуфIэрэ кууу кьызэрихутэфырыщ Зубер ди зэманым и усакIуэхуэхэм пэжыпхэ зыщIар. УсакIуэм псэкIэ игъэфIэ фIыгъуэхэр цIыхубэ хьэлэлым дежкIэ джэрпэджжэу щыIупщ тхэным насыпэ кьыщишэр. Зубер хуэпэжщ а хьэупсапIэр кьехъуIэным, тхэн Іэщ Iагъэм и гъуэгуанэ бжыгъэншэхэм щыщу нэхъ тэмэм дыдэр кьызэрыхихам ар и щыхьэтщ.

Хэти щыгъуаззщ усакIуэ нэгъэса дэтхэнэми адрейхэм кьащхьэщыщыгъэкI еплъыкIэрэ бгъэдыхьэкIэрэ зэриIэм. ЩыIэщ зи усэхэм дунейр «фIыцIэрэ» «хужьу» гуэшауэ кьызыщыгъэльагъуэ. Апхуэдэхэм дежкIэ Іуэхур еух фIымрэ Іемрэ я цIэр кьриIуэ кьуейкIэ, ахэр зыгуэркIэ зэпымыщIа хуэдэ, я гуэгуи зэтемыхьэу, щхьэж и лъагъуэ тетыжу. Дунейр Іупщщ, гурыIуэгъуэщ, уи щхьэр щыщIэфIэбудыжьи щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Зэм ухуэзэнщ Іэрыгъэтэджу нэщхьей усэм, зэми усэр уи дзыхь ебгъэз мыхъуну нэщхьыфIэщ, а щытыкIитIри усакIуэ «захуэм» жып зырызым илъу кьрехьэкI, «кьызэрекIу» ельытакIэ чэзууэ кьызэкъуихыурэ.

Зубер абыхэм ящыщкъым, ар дунейм зэрыбгъадыхьэр зы еплъыкIэ закъуэкъым: и усэхэм я нэхъыбитIым щогупсыс гъащIэр натlэ зэкъуэдыу зэрызэхэухуэнам. Лириким и хабзэ нэхъыщхьэм екIуу а усэхэм нэгум кьыщIагъэувэ дунеймрэ цIыхумрэ гъащIэмрэ щекIуэкI кьэхъукъащIэхэр Іэджэу зэрызэпыщIар, я уеблэкIи зэхъуэжныр зэрамыхамэр. Ар къэзышэр усэхэм гупсысэ хэгъэзыхьар къаззребзэкIыр арагъэнщ, пкъы яхуэхъуа образым емыпщIыжу. Яныныкъуэхэм деж Зубер икъукIэ хуэIэзэу къегъэльагъуэ усэм тэмэму укьеджэн щхьэкIэ образ хэлъхэр нэгъэсауэ кьыупщытэфын зэрыхуейр. Абы щыгъуэми нэхъыщхьэр нэм кьиубыд образ пкъыгъэхэркъым, атIэ гумрэ псэмрэ зыгъэуш, абыхэм зыхащIэ кьэIуэтэкIэщ. Нэщхьеягъуэм и ныбжь зытетlь усэ и мащIэкъым Зубер, сыту жыпIэмэ цIыху зыщIэгупсысын Іуэхугъуэ мыщхьэпэ дунейм зэримымащIэр усакIуэм кьыгуроIуэ. Гум и нэщхьеягъэмрэ и нэщхьыфIагъэмрэ дапщащи зыгуэркIэ зэпэлъытащ, щызэхъуажи кьохьу, зы тхыгъэм кьыщизагъэри мащIэкъым. ФIы-бзаджэ, гуапэ-гуаэ, хьэлэл-хьэрэм, кьабзэфIей, дахэ-Іей, пэж-пцIы, къ. щыкуэд дунейм ахэр дапщащи щызэпэщIоувэ. Апхуэдэр я щхьэр течауэ Іэпэкlэ димыгъэльагъуми, усакIуэр йогупсыс абы я хэкIыпIэм, я жылапхъэм, я къэхукIэмрэ зекIуэкIамрэ, фIым и пIэ бзаджэр ивэн щIэхъум и щхьэусыгъуэхэм, фIыр ищхь къэхуэн папщIэ гугъуехь куэдым зэрыIуам, абыхэм «зэрафIэкIыфым». Бзаджэр къигъэльагъуэмэ, абыкIэ и мурадыр фIыр нэхурэ ищIэдзэжнырщ дэтхэнэ зы тхакIуэ хьэлэлми.

Абыхэм Зубер ягуохьэ.

Тхьэгъэзитым и лириким икIыхьагъкIэ пхрыкIыу кьэзыпатхъэ а хьэлэм къешIэ уеэ ухуэмI и зы фащэ нэхъыщхьэ - контраст жьхуаIэр, зэмыщхь зэугъэгъу щIыныр. Усэ к

хэлъхьэгъэ къызэрымкIуэ хуэзыщIа

Гумызагъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)

«Пшэ фыцIэм» адыгэ гъыбзэхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ щагъэзащIэ Iэнатlэр хьэпIыпытэмэ, гуаупэм и нагъыщэкъым, икIи сатыритIым гъунэ иригъэ гупсысэр къыкIэтыыкIуэхэм нагъэс:

...Иджыри щIыр дантесхэм
къаущыхьыр.
Мэпытхуэ Пушкин.
Ауэ ямыгъуэт.

Литературэм цIыхур сыт хуэдизкIэ имыущиими, ущиниим къикIыр хущхъуэгъуэ хъэзырхэр абы игуэшу аракъым, атIэ дунейм и щэхухэм гу лъаригъатэурэ цIыхухэм я псэр фIыгъуэм хуиуэздыныр щ. Щэхухэр сэтей къэхъуамэ, текIуэгъуаф1э мэхъу, а щэхухэр дапщэщи кууэ гъэпщкIуащ, ахэр кIэ имыIэжу къыщIигъэщурэ екIуэкIыныр щ зыужьыныгъэм и хабзэ нэхъыщхьэр.

ЩIым и «джэрпэджэжу», гуаузэми гуапэми жану щIэдэIун хуэдэу «епI» Тхьэгъэзит Зубер и усэхэм хэтэджкIыкIуэ. Мыбы дунейр фIэгъэщIэгъуэнщ сыт щыгъуи, зытет щIым дыркъуэгъуэр къыпIысыным тешыныхьу хуэгумащIэщ, бзаджэ иIьагъуи, игу зэридзэ къудейкъым, атIэ фIыр тригъкIуэн щ,ыкIэ къимыкIуэтыну хьэзырщ:

Жыг къудамэ гуэщIыкIамэ,
Пхъэщхьэмыщхьэ къыпIыкIэну
СфIэщIым, къызогъэкI
и кIэныр -
Хуэзщ1 абы щIэгъэкъуэн;
Ар хьэпIацIэм зэщIибламэ,
Жыг псом и шынагъуэ хъуамэ,
СыпIэщIэу гу щабагъым,
И псэр джыдэкIэ согъэн.

Зубер и геройм къыгуроIуэ гъащIэм бгъэбжьыфIэнрэ бгъэкъуэншэнрэ зэрикуэдыр, абы гущIэгъу зыхуэфащи нэлат къэзылэжьи зэрыгуныжьыр. Уеблэмэ хущIокъу и геройр зыщыпсэу щIынальэр цIыхух гъащIэ мытиншым и гъуджэрыпсалъэ ищIыну, дунеймрэ цIыхымрэ яку дэт «блыныр» усэ къарукIэ игъэткIыну.

Зубер и усэхэм щотэдж щIыр цIыхум и гум ещхьу: абы псэ пытщ, гумащIэщ, емрэ фIымрэ къыгуроIуэ, жагъуэмрэ гуапэмрэ зэкеГъэкIыф, бынир фIыгъуэм, насыпым, цIыхугъэм хуеузэд. Усэхэм я цIэ къудеймкIэ гу лъыптэнущ усакIуэр щIым зэрыхуэнэхьуейм: «Лъахэ уэрэд», «Щ1ымрэ уафэмрэ», «Щ1ым и джэрпэджэж», «Щ1ыр цIыхум ещхьу зэм къысфIощI», «Щ1ым игу ныкъуэщ», «Щ1ынш», «Щ1ым и абгъуэ», «Щ1ыр мэлажьэ», «Щ1ым и напэ», «Сыт щ1ыр щIэхъейр?» Мы усэхэм, гъэгъа Iэрамэм хуэдэу, ягъэдахэ щ1ыпIэмрэ цIыхумрэ лъапсэкIэ зэзыпха гупсысэр.

ЦIыхугъумрэ усэхэр ящIэзэзэпэщ нэщэнэхэмрэ зыкIи зэщхьэщыкIыркъым - псори дуней гъащIэм, цIыху псэукIэм я уэчыну, бзаджэмрэ фIымрэ я шIыбзэ къуэзанэу мэтэдж. Шыпсэ нэщэнэхэм я хабзэкIэ къызэрэпэща образхэр къарууфIэу щолъашэ Зубер и усэхэм, ауэ усакIуэр сыт щ1ыгуи гущIэгъуныщ, гу щабэщ. Гупсысэр Тхьэгъэзитым дежи зэм щ1ифащэнщхьым, абы и образхэр дапщэщи пкъымызагъэщ, кьаIэтыр кууэ гъэпщкIуа Iуэхугъуэхэрщ, цIыху гъащIэм, нэмысым, насыпым, гущIэм, лэныгъэм, щIалагъэм, лъагъуныгъэм пыщIа макъамэхэрщ. Дыгъэ, вагъуэ, къурш, мэз, псы, зэман, уафэ, щIыпIэ - а псоми къызэрагъэпэщ Зубер и усэхэм я Iэпкъпсэпкъри я уэхэкIэри, ахэр дамэ папщIэ ящ1ыгъуэ хъуурэ, гупсысэ къызэщIэзыубыдэхэм хуаунэтI...

Зубер нэхъ зыхуэсакъыр цIыхум къару фIыцIэхэр къытемыгъуэлъхьэныщ, ажал дамэм и ныбжьыр гъащIэм къытримыдзэныщ: абы зэи щыгъупщэркъым гуаузмрэ гуапэмрэ гъащIэм зэрыщ1эгъуэр. Мис цIыхымрэ жыгеймрэ я псалъэмакъ:

- ЗыхьзогъэпскIыхьыр гъащIэм
и дыгъэпсым,
ГуфIэгъуэр тхьэмпэ щхьэунтIэм
я нэгу къощ.
- Сабий къалъхуам и макъ
си деж къоIусыр.
Сэ нобэ гущэ
къысхахын къысфIощI.
- Уеупцlэн плъэмыкIыу
бжьыхьэм и уэшхыпсым, -
ГуIэгъуэр тхьэмапэ гъужьхъэм
я нэгу къощ.
- Жьапщэм си деж
хьэдагъэ макъ къьехьэсыр:
Сэ нобэ сын
къысхащIыкIын къысфIощI.

Зубер и гупсысэхэм драматическэ хьэл яхэлъщ, гъащIэм щ1ызэпэщIэувэ къарухэм яжь щ1ызэпщэ. Лирикэм и псэр езы усакIуэрщ, абы и «кулеягъырщ», и гупсысэмрэ гурыщIэмрэ я инагъырщ. А псори усэ хъун папщIэ усакIуэр абыхэм лъэныкъуэкIэ яхущыт хуэдэу, ахэр езым «имеиж» хуэдэу зыфIигъэщIыфын хуейщ, объект ищIурэ. Мис, псалъэм папщIэ, Зубер и сабиигъэм зэрыхуеплъыкIыжьыр:

ФIыр ем хигъащIэм - сэ
сыгуфIэрт,
Ер фIым текIуэмэ - си
гур хэщIт...
Щ1ытащ си гъащIэр
насыпыфIэу.
Сэ таурыхъэр хъуху си фIэщ.

Зубер фIыуэ къыгуроIуэ нобэрэй ди гуманизмэр «дзагуэу», мыхьэмышх имыIэу щ1ыпIэм и гъэбжьыфIэнрэ бгъэкъуэншэнрэ зэрикуэдыр, абы гущIэгъу зыхуэфащи нэлат къэзылэжьи зэрыгуныжьыр. Уеблэмэ хущIокъу и геройр зыщIепсэу щIынальэр цIыхух гъащIэ мытиншым и гъуджэрыпсалъэ ищIыну, дунеймрэ цIыхымрэ яку дэт «блыныр» усэ къарукIэ игъэткIыну.

Зубер и усэхэм щотэдж щIыр цIыхум и гум ещхьу: абы псэ пытщ, гумащIэщ, емрэ фIымрэ къыгуроIуэ, жагъуэмрэ гуапэмрэ зэкеГъэкIыф, бынир фIыгъуэм, насыпым, цIыхугъэм хуеузэд. Усэхэм я цIэ къудеймкIэ гу лъыптэнущ усакIуэр щIым зэрыхуэнэхьуейм: «Лъахэ уэрэд», «Щ1ымрэ уафэмрэ», «Щ1ым и джэрпэджэж», «Щ1ыр цIыхум ещхьу зэм къысфIощI», «Щ1ым игу ныкъуэщ», «Щ1ынш», «Щ1ым и абгъуэ», «Щ1ыр мэлажьэ», «Щ1ым и напэ», «Сыт щ1ыр щIэхъейр?» Мы усэхэм, гъэгъа Iэрамэм хуэдэу, ягъэдахэ щ1ыпIэмрэ цIыхумрэ лъапсэкIэ зэзыпха гупсысэр.

ЦIыхугъумрэ усэхэр къызэзыгъэпэщ нэщэнэхэмрэ зыкIи зэщхьэщыкIыркъым - псори дуней гъащIэм, цIыху псэукIэм я уэчыну, бзаджэмрэ фIымрэ я шIыбзэ къуэзанэу мэтэдж. Шыпсэ нэщэнэхэм я хабзэкIэ къызэрэпэща образхэр къарууфIэу щолъашэ Зубер и усэхэм, ауэ усакIуэр сыт щ1ыгуи гущIэгъуныщ, гу щабэщ. Гупсысэр Тхьэгъэзитым дежи зэм щ1ифащэнщхьым, абы и образхэр дапщэщи пкъымызагъэщ, кьаIэтыр кууэ гъэпщкIуа Iуэхугъуэхэрщ, цIыху гъащIэм, нэмысым, насыпым, гущIэм, лэныгъэм, щIалагъэм, лъагъуныгъэм пыщIа макъамэхэрщ. Дыгъэ, вагъуэ, къурш, мэз, псы, зэман, уафэ, щIыпIэ - а псоми къызэрагъэпэщ Зубер и усэхэм я Iэпкъпсэпкъри я уэхэкIэри, ахэр дамэ папщIэ ящ1ыгъуэ Зубер, апхуэдэ гупсысэр къэгъэщIыным хуолажьэ усэм и Iэпкъпсэпкъ псори... Гъэрэ щIырэ зэхокI, хуаб5мрэ щIыIэмрэ зэрытемыгъэзкIуэнкIэ уагъэшынэу зэрыхогъащIэ, арщхьэкIэ зи ух къэсар йокIуэт, дунейр къызэщIоуцэ, уэрэд тхьэгъэщыр къызэщIащIэ бгыми псыми:

Зэщ1ольдэ,
Зэщ1опщ1ыпщ1э
Гъащ1э жьыбгъэр зыщ1ихуа
Губгъуэ щхьэунтIэр...
Щ1ым игъащIэм
Хуэдэщ щэ къытемыхуа.

«Гугъэ гуэр уэ къыпхуэна?» - жеIэри къыгуилъэф щ1ыкIэу щIалэр йоупщI, зэманым ауплIэнщIа пэтми, къуэм и къуэжьр гу щ1ыкIуэкIэ къеэвшэкIыф фызыжьым. Мыдрейр Iэнкун къэхъуауэ «гугъэр зыфIэкIуэда плъэгъуа?» - жеIэри жэуап кърет:

Сыт щыгъуи итщ ар цIыхум ипэм.

Тхьэгъэзитым и усэхэр пкъыфIэ дахэ зыщI нэщэнэщ гупсысэшхуэ нэрымыплъагъуэр пкъы нэрыльагъу гуэрым зэрыпхипщэр. Ар е лъахэм и дамыгъэ гуэрщ, е дунейм и пкъыгъуэ щхьэхуэщ, е зэ еплъыгъуэкIэ зэмызэгъэуу къыпфIэщI гупсысэхэмрэ пкъыгъэхэмрэ зэгурыгъэIуэныщ. Къапщтэмэ, псым ещIыIа образкIэ ерыщщ Зубер, икIи а образым хэлъэгъуэн хуейщ гупсысэ гъэщIэгъуэн.

Усэри усакIуэри зыхэхъукIыр, дауи, дуней зытетырщ, щ1ыпсэу жылагъэщ, зэман зыхалъхуарщ, и лъэхъэнэгъуэхэм кьахуэтэджк Iуэхуэхэмрэ гупсысэхэмрэщ. Ауэ а псори кьыщрабжэкIыу зэгъэкIуауэ дапхъэм тралъхьэжьн кьудейм фIэкI тхыгъэр хуамылъхуамэ, литературэ щIэнтэкъым. Ар Тхьэгъэзитым фIыуэ ещIэ.

Литературэм езым и дуней къеГъэщIыж, ар дуней зыхэхъукIым епха пэтми, абы дахагъэм и хабзэхэмкIэ кьыщхьэщыкIыну... ЩыIэщ дей жыгу, щ1ыIэщ бжэндэхъуи - ар хэти елъагъу, ауэ усакIуэрщ зыхуэзфIэкIыр дейм гу кьилъэт пкърилъхьэныр, ар щ1ыпIанэм деж Iэгу фIыщIэкIэ абгъуэ нэщI иныгъыу кьилъагъныр, жыгымрэ бжэндэхъумрэ псэкIэ зэрыщхьэпIащIэр уи фIэщ1 ищынынр, а тIум къаIапплъэ уэрэдыр иджыпсту тхьэгъуш бзагъэ пэтми, пIалъэр къэсу жыгымрэ бзумрэ зэхуэзэжа нэужь:

Жьыбгъэ макъамэ
тхьэмпэм щIэлъу
Уэрэд езыми пхуиусынщ, -
жьы1ы1эфынур.

Зубер фIэфщ тхыгъэм тегъэщIапIэ пэж хуэхъу псалъэ нагъыщэкэр къыхихьн, апхуэдэ нагъыщэжьм жану якIэщIэпIыкъуэр заригъэжьжьн, дунейм и напIьэ бзэнщэкэр кьигъэнсэлъэн. Ар хуэIэззщ образ щхьэхуэр «зэлипщIыкIыу» гупсысэ зэхуэмыдэ къегъэIуэтэным, е образ зыбжанэр зэгъуэсэ-зэпэщIтми и гупсысэшхуэ гуэрым хуэгъэлажьэныр. Уэблэмэ, а хьэлыр Тхьэгъэзитым и тхыгъэ нэхъ инхэми щ1ыпхокI.

Зубер кьыбгъэдэкIыр езым и тхыгъэхэм я закъуэкъым, абы хъущу икIи Iэзэу зэредзэкI лъэпкьыбэ литературэм и налкъутэр, ауэ зэдзэкIым пэжкIыгъэм зэрыщ1ыхахуэр усакIуэм нэхъ Iупщ1у кьыщигъэльэгъуащ Шота Руставели и поэмэ уахътыншэр «КIапплъэныфэ зыщIигъ зекIуэлI» зыхуиIэр анэдэлъхьэзэкIэ кьызэригъэпсэлъам. А лэжьыгъэм ди усакIуэм тригъэкIуэдащ илъэсипщIым и гущIэ.

Тхьэгъэзитым и тхылъхэм яхуэфащэщ ткIийуэ икIи зыубгъауэ щхьэхуэу къэпщытэнщ, сыту щхьIпэмэ абыхэм япкъыпIэ дерс нэхъыфIэкIэ къызэригъэпсэлъам. А лэжьыгъэм ди усакIуэм тригъэкIуэдащ илъэсипщIым и гущIэ.

Тхьэгъэзитым и тхылъхэм яхуэфащэщ ткIийуэ икIи зыубгъауэ щхьэхуэу къэпщытэнщ, сыту щхьIпэмэ абыхэм япкъыпIэ дерс нэхъыфIэкIэ къызэрэтфIэщIыкIэ, ди лирикэр япэкIэ кIуэтэным сэбэп хуэхъунущ.

СОКЪУР Мусэрбий.
1984 гъэ

Налшык къеблэгъащ урыс усакIуэ цIэрыкIуэ Боков Виктор. *1979 гъэ*

Дахагъэр елъагъу

Тхьэгъэзит Зубер тхэн зэрыщIидзэрэ илъэс хыщIым нэблэгъащ. 40 - 50 гъэхэм я зэпыIыпIэм ирихьэлIэу курыт еджапIэм щIэс щIалэщIым и Iэдакъэщ1экI тхыгъэхэр республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым кьытехуэу щIедзэ. Зубер и япэ тхылъыр - «Бгым сыдокI» зыфIищащ - 1960 гъэм дунейм кьытохьэ. Абы мыгувэу кьыкIэлъокIуэ «Тэрч макъамэхэр», «Джэрпэджэж», «Щ1ымрэ уафэмрэ», «Гугъэ», «Къебларэ», «Гуапагъэ», «Усыгъэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. А зэманым къриубыдэу Тхьэгъэзит Зубер ди къэралым щ1ыIэрыIуэ усакIуэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щ1ызекIуэ литературэ саугъэт лъапIэкэри къыхуагъэфащащ. А пщIэ лъагэр Тхьэгъэзит Зубер къыпIежьащ и гуащIэдэкI хьэлэлкIэ. Поэзием къежьапIэ хуэхъу хабзэр дахагъэрщ. Щ1эн гъуни иIэжкъым цIыхур къэзыуухуереихь дунейм дахагъэу хэлъым. Къэнэжьыр зыщ: ар къэлъагъун хуейуэ аращ. Зи псэр Iиблис езымыщэжа дэтхэнэми хуэзэфIэкIынущ а дахагъэр къыпIагъуну, абыи гукъыдэжрэ дэрэжагъуэрэ къритынущ. Ауэ, къыплъагъу хъудей мыхъуу, а дахагъэр гурэ псэкIэ зыхищIэу, езым илъагъумрэ зыхищIэмкIэ нэгъэщIым дэгуэшэфыр усакIуэщ: Дыгъэм, иджыри къыщIэмыкIыр.

Къуэкъыпlэр плъыжьу къриIат,
Сызделпым, си гур къигуфIыкIыну,
Дахагъэм си псэр къиуIат.

«Зыкъэтплъыхьынщи - хэку дахагъэр шабэшэу ди гум пхыкIынщ», - щ1ыжкIэ Зубер нэгъэщI и зы усэм. Удэзыхьэхьу гурыхьщ Тхьэгъэзитым ди нэгу къыщIигъэхьэ дунейр. Абы дыгъэр щабэу къыщ1опс, псыхэр Iэдэбу щ1окIуэсэх, жьыбгъэми гуапэу Iэплlэ къыщыпIхуещI. Пэжщ, дыгъэр пшэм щ1ыщIилъафи, псыхэр къэукъубийуэ хъиим щ1кIи къохъу, ауэ псори зэрызыгъэзыубыдыж, псори зэзышэлIэжу зэгурызыгъаIуэ къаруи щ1ыIэщ абы... Ар - щабагъэщ, гуапагъэщ, лъагъуныгъэщ. Гуапагъэр ару сфIощIыр мы Щ1ыр зэтэзыIыгъэр. Зубер Iупщ1у зэхех щихуитI зэбгъэдэтэу гухэлъ зэрызэхуаIуатэр, тхьэмпэ щ1ыкIуитIыр зэрызэпсалъэр... Дауи, ар хэт и дежкIи сыт щыгъуи нэрылъагъуэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, ар пщ1ышпсэу къэзылъытэхэри гъунэжщ. Ауэ, тщIэ-дымыщIэми, гуапагъэрэ лъагъуныгъэкIэ быдэу псыхьаэу щ1ымытамэ, мыпхуэдизу мыхъумыщIагъэ щалэжь щ1ыр «факъырэ кхъуейуэ» зэгъэщIэщу зэрыхэкIуэдажьэ кущIати... УсакIуэ Тхьэгъэзит Зубер ар псэкIэ зыхещIэ. Абы псалъэ хэщ1ыпыхьакIэ захуегъаз къэзылъхуа хэкум, зэфэ псым, зытет щ1ым, зыпIа къэралым. Пхузэщ1 лъагъуныгъэр бжьэ гуащIэщ,

Нэхъ гуащIэ хэт еIуба!
Уихуам, уислъхьэнти си IэплIэм,
Пхузсщ1ынт семышу ба.
Щ1ыку пэжхэм си гур хуэпэжу
Уэращи сэ сызыпIар,
Си гум уихункъым щ1ы фIыщ1эу
Быдзыш1э хужь сыщефар!

«Щ1ы фIыщ1эу быдзыш1э хужь сыщефа» - си фIэщ1 хъункъым мыбы зэ къеджауэ зыщ1ыгъупщэжьи щ1ынэу! Мы сатырийм фIэкIа имытхатэми, усакIуэ щ1ыпкъэ хужьпIэ хъунти Зубер. КIэщ1у икIи екIуу абы къиуэтэфащ куэдым я гум къыщIипIэжьэжьами, я Iупэм къэсыпами, иджыри къэс зыми кьыжьэдэмыкIа. Усэм, усакIуэм, поэзием, искусствэм, абы и лэжьакIуэхэм ятеуха зыгъэ иIэщ Тхьэгъэзитым. ЖьпIэ хъунущ мыр Зубер тхэн зэрыщIидзэрэ илъэс хыщIым нэблэгъащ. 40 - 50 гъэхэм я зэпыIыпIэм ирихьэлIэу курыт еджапIэм щIэс щIалэщIым и Iэдакъэщ1экI тхыгъэхэр республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым кьытехуэу щIедзэ. Зубер и япэ тхылъыр - «Бгым сыдокI» зыфIищащ - 1960 гъэм дунейм кьытохьэ. Абы мыгувэу кьыкIэлъокIуэ «Тэрч макъамэхэр», «Джэрпэджэж», «Щ1ымрэ уафэмрэ», «Гугъэ», «Къебларэ», «Гуапагъэ», «Усыгъэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. А зэманым къриубыдэу Тхьэгъэзит Зубер ди къэралым щ1ыIэрыIуэ усакIуэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щ1ызекIуэ литературэ саугъэт лъапIэкэри къыхуагъэфащащ. А пщIэ лъагэр Тхьэгъэзит Зубер къыпIежьащ и гуащIэдэкI хьэлэлкIэ. Поэзием къежьапIэ хуэхъу хабзэр дахагъэрщ. Щ1эн гъуни иIэжкъым щ1ыкIуэ къэзылъытэре

ЗэрыззэхуэIэфIым зеубгъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Нэжэгужагъэр щебэкI губгъуэм

Бахъсэн къалэм ищхъэрэкIэ щыIэ и хьэблэм, «Кушмэзыкъуей» цIэр иджыри зезыхьэм, и сэмэгурабгъумкIэ къыщыIъ губгъуэшхуэм а махуэм и етIуанэ Iыхьэм щызэхаша Iуэхугъуэхэри телъыджащэт. Дэ шэч кьытетхьэркъым, зи нэгу щIэкIаxэм ахэр ягу фIыкIэ къызэринэнуми абдежым щагъэхьахэр лъабжьэ лъэщ зиIэ лъэпкъыу дыззэрыщытыр къззыгъэлъагъуэу зэрыщытми.

Бахъсэн къалэм хьихьэ жылагъуэхэм дэс лIакъуэхэм я унагъуэ пщIантIэхэр мы гъэми кьыззэрымыкIуэу екIуэрэ нэр зыгъэгуфIэу кьызэрагъэпэщат. Ахэр хъурейуэ къраГъуэвэкIати, утыкушхуэм и гуныпкъэр къззыгъэлъагъуэт. TIэкIу япэ зидгъэщынщи, щызэхуэсахэр я щхьэ закъуэ къудейуэ щызэхэмысыжхэу, зым икIмэ адрейм ихьэхуэрэ, я гъунэгъу пщIантIэхэм хьэщIэу яхуэкIуэрт, щызэрылъагъуэр зэщыгуфыкIыжрэ зэхуэжмартхэу.

«Бахъсэн - си къалэу си лъахэ!» эстрадэ гъэлъэгъуапIэм щыщIидзащ махуэшхуэм екьэлIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм. Утыкум хъуэхъу псалъэ щыжаIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ**I Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, республикэм и щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм, нэгъуэщIхэмри.

Къалэдэсхэм я гуфIэгъуэр даIэтащ, я нэгу зрагъуэжьащ республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. Концертыр екIуэкIащ сыхьэт зырыз зи кIыхьагъ едзыгъуищу. Зэпыугъуэхэр, псом хуэмыдэжу, игъэдэхащ лъэпкъ хабзэхэм я щхьэжу къалъхьэ, хуэдиям фIыуэ яльэгъуа къъуейплъыжькIэрыщIэм. Ар, узэхъуэпсэн хуэдэу, кьыззэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкIэ и кьудамэм и журналист, зэхэщакIуэ Iэзэ **Джэдгъэф Бесльэнщ**.

Сабий нэхъ цIыкIуэхэм я нэгу зыщIрагъэужьыыбын хуэдэу, утыку абрагъуэм ибгъуэмкIэ кьыщIрагъэувэкIа аттракционхэри гуфIэгъуэр нэхъри зыгъэдахэт, адэ-анэхэри арэзы къззыщIт. Апхуэдэуи, зи Iэпкъльэпкъ нэхъ зэщIува щIалэхэм я зэфIэкIыр щагъэунэхуфын хуэдэу, лъэныкъуэ зырызхэмкIэ кьыщагъэунэхуат Iэпщэрыбанэ зэпеуэм хуащIа Iэмэпсымэхэри, хьэлъэ къзIэтынымкIэ зэхьэзэхуэм хухаха плIанэпэри.

Кушмэзыкъуей жылэм и гупэм кьит губгъуэм кьекIуэлIахэм яхэтлъагъуащ Къбэрдей шууей хасэм хэт щIалэхэри. Абыхэм ящыщ зыщ зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм и Кьулъкъужьым кьудамэм и пашэ Бабыгуей Сосрыкъуэ.

- Къызэхуэсахэм сахопльэри, си гур хохъуэ, си псэм зегъэпсэху. IцIалэгъуалэм дуней гуфIэгъуэ зэрахьэ. Балигъхэри, я нэгухэр зэлъыIухащи, нэфIэгуфIэщ. Адыгэм нобэ я IуIпыжьгъуэщ, я Iуэтэжыгъуэщ. Мыпхуэдэ махуэ зыIэтыгъуэ Тхьэм куэдрэ кьыдит! Ди адэжьхэр «хьет» жраГъэIэу псэуащи, дэри, Алыхьым жиIэмэ, гъэзугъанэ пэжым дытету, абы дыхуокIуэжри, дызэрыубыдыжауэ, нобэ зэрыптIыгъум хуэдэу дызэрыгъэпльапIэу куэдрэ дунейм дытетыну сохъуахъу! - и гупсысэхэмкIэ кьыддэгуэшащ Бабыгуейр.

Дэ дабгъэдохьэ кхъуейплъыжькIэрыщIэр щекIуэкI хэщIапIэмрэ концерт гъэлъэгъуапIэмрэ я зэхуаку дэт щIыпIэм деж щыт, адыгэ фащэ екIуэкмкIэ зэщIхуэпIыкIа лIитIым. КьызэрыщIэжIымкIэ, тIыри Псыгъэнэу дэс Безырхэ ящыщщ. ЯпэщIыкIэ нэхъыжьым, Мухьэрбий, зыхудогъаз:

- Нобэрей махуэр кьызэрыпщыхьумкIэ укъыддэгуэшамэ ди гуапэт.

- Адыгэ лъэпкъым ди гуфIэгъуэщ. Адыгагъэр кьыщIэтыжьын хуей махуэщ. Дыздит губгъуэри а Iуэхум хуэщIами ярейщ. «Адыгэ» жыIэмэ, а псалъэм Iаджи кьызэщIеубыдэ. Апхуэдэщ дэрэжьагъуэ хьуащ щэбэт кIуам Налшык щызэхэта Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ я футбол командэхэм я зэIущIэр. Тодджэгум епльыну къэкIуахэм я нэгуи зиужьащ гушхуэныгъэ яГуэтащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и Iуэхуэгъэ щызэфIэуэнэжу хуеиха «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъат сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу лъэщу кьилыытэ «Спартак-Владикавказ»-р. ХьэщIэхэм зэпеуэм иужь дыдэ увыпIэр игъэлпсту зэрыщIагъыгым кьэкIыртрэкъым абыхэм тыншу уапэлъэщыну. Ар кьалъытэу зи щIалэхэм джэгур зэщIэкъуауэ икIи жэуаплныныгъэр зыхащIэу ирагъэжьащ - нэрылъагъут кьыхьлIыхь хъуа я зэхуэмыкIуэныгъэм кIэ иратыну мурад быдэ зэраIэр.

«Спартак-Налшыкым» апхуэдизу лъэщу кьыщIидзати, и хьэрхуэрэгъуэхэм я щхьэр кьригъэIэтырткъым. МызэмытIэу ди щIалэхэм Iэмал гъэзэджэхэр яIащ, топхэр дагъэкIыну, арщхьэкIэ джэгум и япэ Iыхьэм ар щдахуэсфIэкIар зэ закъуэщ. 26-нэ дакьикъэм ДэхъуИслъам бжыгъэр кьызэIуихащ. Жыжьэу щыта ар зэуа топым «Спартак-Владикавказым» и гуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

Загъэпсэхуну имыкI щыкIэ налшыкдэсхэр нэхъ мащIэ хьуащ. ДэхъуИслъам и хьэрхуэрэгъуэм топыр кьыщытрихым фабжь хьэлъэ ирит пэтащ икIи судьям ар гулъытэншэ ищIакъым - джэгум занщIэу кьыхихуащ.

ЗэфIэкIыр цIыху бжыгъэм зэремылъытар «Спартак-Налшыкым» наIуэу къыщигъэлъэгъуащ зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм. Абы щIидзэри, дахьикъыщ джэгуауэ арат бжыгъэр 2:0 щыхъуам. Бащэ Къантемыр мы зэхьэзэхуэм ебгъуанэ топыр щыдигъэкIащ икIи етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм яхьащ.

Абдежми кьыщIыуыIакъым ди щIалэхэр. Аргуэру дакъикъэ зыхьыбл дэкIри, бжыгъэр ин ящIащ. Хьэшыр Алан зэуа топым кьезыгъэзэджэфын щыIэу кьыщIэкIынтэкъым.

3:0-у япэ ища иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм джэгуплIэ губгъуэм кьрагъэхьащ щIалэщIэ зыбжанэ. Абыхэм зэIущIэр фаджэ ящIакъым икIи текIуэныгъэ дахэкIэ ар тыншу ираГъэхуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Мейкьуапэ и «Дружба»-м лъэпкъ дэрэжьагъуэм кьыпищэфакъым - абы етIуанэу зэкIэлъэхьэжьу фIахьащ. Иджы Адыгейм и футболистхэм очкоитхукIэ япэ ирагъэщащ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда Астрахань и «Волгарь»-р.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгугуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Урожай**» (Краснодар) - **3:0**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) -**1:0**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Интер**» (Черкесск) -**5:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) -**1:0**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хьихьэ кьыкIэтыкIуэ зэIущIэр фокIадэм и 28-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и кьалащхьэм щыдэджэгунущ Мейкьуапэ и «Дружба»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019-2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Волгарь»	10	8	1	1	20-4	25
2. «Дружба»	10	6	2	2	15-10	20
3. «Алания»	10	6	1	3	22-10	19
4. «Черноморец»	10	5	3	2	20-9	18
5. «Динамо-Ставрополь»	10	5	2	3	17-12	17
6. «Мэхъэчкъалэ»	10	4	3	3	9-9	15
7. «Спартак-Налшык»	10	3	5	2	15-17	14
8. СКА	10	4	1	5	13-13	13
9. «Интер»	10	3	3	4	10-17	12
10. «Легион Динамо»	10	3	3	4	7-16	12
11. «Анжи»	10	2	5	3	17-15	11
12. «Мэшыкъуэ-КМВ»	10	3	2	5	10-9	11
13. «Биолог-Новокубанск»	10	2	5	3	6-8	11
14. «Краснодар-3»	10	2	3	5	10-19	9
15. «Урожай»	10	1	3	6	8-21	6
16. «Спартак-Владикавказ»	10	0	4	6	6-16	4

● Хъуэхъу

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Къаскъул Аулият Фуlэд и пхъум** узынщагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм зегъэужьыным къарурушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкIыу «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамкIэ дохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэ.

● Футбол

ЗэфIэкIыр цIыху бжыгъэм елъытакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) - 3:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 21-м. Цыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Стрельцов (Дон Iус Ростов), Шрамко, Къуэшыкъуэ (тIури Белореченск щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Клышэ, Сындыку (Запалацкий, 85), Ольмезов, Хьэшыр (Талабкэ, 85), Дахъу, Iэпщацэ (Салахетдинов, 77), Шаваев, Машэжь (Ашу, 71), Бацэ (Лъэпщ, 89).

«Спартак-Владикавказ»: Натабашвили, Бадоев, Хугаев, Шотаев, Кокаев, Цабиев, Камболов, Базаев, Гиоев (Кусов, 56), Кобесов (Тинаев, 64), Гатикоев.

Топхэр дагъэкIащ: Дэхъуэ, 26 (1:0). Бацэм, 48 (2:0). Хьэшырым, 55 (3:0).

Дагъуэ къыхахуащIащ: Шотаевым, Кобесовым, Сындыкум.

Джэгум къыхахуащ: Дэхъуэр.

АДЫГЭХЭМ я дунейпсо махуэ лъапIэм къупыызыщэ дэрэжьагъуэ хъуащ щэбэт кIуам Налшык щызэхэта Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ я футбол командэхэм я зэIущIэр. Тодджэгум еплъыну къэкIуахэм я нэгуи зиужьащ гушхуэныгъэ яГуэтащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и Iэхуэгъэ щызэфIэуэнэжу хуеиха «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъат сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу лъэщу кьилыытэ «Спартак-Владикавказ»-р. ХьэщIэхэм зэпеуэм иужь дыдэ увыпIэр игъэлпсту зэрыщIагъыгым къэкIыртрэкъым абыхэм тыншу уапэлъэщыну. Ар кьалъытэу зи щIалэхэм джэгур зэщIэкъуауэ икIи жэуаплныныгъэр зыхащIэу ирагъэжьащ - нэрылъагъут кьыхьлIыхь хъуа я зэхуэмыкIуэныгъэм кIэ иратыну мурад быдэ зэраIэр.

«Спартак-Налшыкым» апхуэдизу лъэщу кьыщIидзати, и хьэрхуэрэгъуэм я щхьэр кьригъэIэтырткъым. МызэмытIэу ди щIалэхэм Iэмал гъэзэджэхэр яIащ, топхэр дагъэкIыну, арщхьэкIэ джэгум и япэ Iыхьэм ар щдахуэсфIэкIар зэ закъуэщ. 26-нэ дакьикъэм ДэхъуИслъам бжыгъэр кьызэIуихащ. Жыжьэу щыта ар зэуа топым «Спартак-Владикавказым» и гуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

Загъэпсэхуну имыкI щыкIэ налшыкдэсхэр нэхъ мащIэ хьуащ. ДэхъуИслъам и хьэрхуэрэгъуэм топыр кьыщытрихым фабжь хьэлъэ ирит пэтащ икIи судьям ар гулъытэншэ ищIакъым - джэгум занщIэу кьыхихуащ.

ЗэфIэкIыр цIыху бжыгъэм зэремылъытар «Спартак-Налшыкым» наIуэу къыщигъэлъэгъуащ зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм. Абы щIидзэри, дахьикъыщ джэгуауэ арат бжыгъэр 2:0 щыхъуам. Бащэ Къантемыр мы зэхьэзэхуэм ебгъуанэ топыр щыдигъэкIащ икIи етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм яхьащ.

Абдежми кьыщIыуыIакъым ди щIалэхэр. Аргуэру дакъикъэ зыхьыбл дэкIри, бжыгъэр ин ящIащ. Хьэшыр Алан зэуа топым кьезыгъэзэджэфын щыIэу кьыщIэкIынтэкъым.

3:0-у япэ ища иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм джэгуплIэ губгъуэм кьрагъэхьащ щIалэщIэ зыбжанэ. Абыхэм зэIущIэр фаджэ ящIакъым икIи текIуэныгъэ дахэкIэ ар тыншу ираГъэхуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Мейкьуапэ и «Дружба»-м лъэпкъ дэрэжьагъуэм кьыпищэфакъым - абы етIуанэу зэкIэлъэхьэжьу фIахьащ. Иджы Адыгейм и футболистхэм очкоитхукIэ япэ ирагъэщащ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда Астрахань и «Волгарь»-р.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгугуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Урожай**» (Краснодар) - **3:0**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) -**1:0**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Интер**» (Черкесск) -**5:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) -**1:0**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хьихьэ кьыкIэтыкIуэ зэIущIэр фокIадэм и 28-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и кьалащхьэм щыдэджэгунущ Мейкьуапэ и «Дружба»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Нэжэгужагъэр щебэкI губгъуэм

Бахъсэн къалэм ищхъэрэкIэ щыIэ и хьэблэм, «Кушмэзыкъуей» цIэр иджыри зезыхьэм, и сэмэгурабгъумкIэ къыщыIъ губгъуэшхуэм а махуэм и етIуанэ Iыхьэм щызэхаша Iуэхугъуэхэри телъыджащэт. Дэ шэч кьытетхьэркъым, зи нэгу щIэкIаxэм ахэр ягу фIыкIэ къызэринэнуми абдежым щагъэхьахэр лъабжьэ лъэщ зиIэ лъэпкъыу дыззэрыщытыр къззыгъэлъагъуэу зэрыщытми.

Бахъсэн къалэм хьихьэ жылагъуэхэм дэс лIакъуэхэм я унагъуэ пщIантIэхэр мы гъэми кьыззэрымыкIуэу екIуэрэ нэр зыгъэгуфIэу кьызэрагъэпэщат. Ахэр хъурейуэ къраГъуэвэкIати, утыкушхуэм и гуныпкъэр къззыгъэлъагъуэт. TIэкIу япэ зидгъэщынщи, щызэхэсахэр я щхьэр закъуэ кьудейуэ щызэхэмысыжхэу, зым икIмэ адрейм ихьэхуэрэ, я гъунэгъу пщIантIэхэм хьэщIэу яхуэкIуэрт, щызэрылъагъуэр зэщыгуфыкIыжрэ зэхуэжмартхэу.

«Бахъсэн - си къалэу си лъахэ!» эстрадэ гъэлъэгъуапIэм щыщIидзащ махуэшхуэм екьэлIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм. Утыкум хъуэхъу псалъэ щыжаIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, республикэм и щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм, нэгъуэщIхэмри.

Къалэдэсхэм я гуфIэгъуэр даIэтащ, я нэгу зрагъуэжьащ республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. Концертыр екIуэкIащ сыхьэт зырыз зи кIыхьагъ едзыгъуищу. Зэпыугъуэхэр, псом хуэмыдэжу, игъэдэхащ лъэпкъ хабзэхэм я щхьэжу къалъхьэ, хуэдиям фIыуэ яльэгъуа къъуейплъыжькIэрыщIэм. Ар, узэхъуэпсэн хуэдэу, кьыззэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкIэ и кьудамэм и журналист, зэхэщакIуэ Iэзэ **Джэдгъэф Бесльэнщ**.

Сабий нэхъ цIыкIуэхэм я нэгу зыщIрагъэужьыыбын хуэдэу, утыку абрагъуэм ибгъуэмкIэ кьыщIрагъэувэкIа аттракционхэри гуфIэгъуэр нэхъри зыгъэдахэт, адэ-анэхэри арэзы къззыщIт. Апхуэдэуи, зи Iэпкъльэпкъ нэхъ зэщIува щIалэхэм я зэфIэкIыр щагъэунэхуфын хуэдэу, лъэныкъуэ зырызхэмкIэ кьыщагъэунэхуат Iэпщэрыбанэ зэпеуэм хуащIа Iэмэпсымэхэри, хьэлъэ къзIэтынымкIэ зэхьэзэхуэм хухаха плIанэпэри.

Кушмэзыкъуей жылэм и гупэм кьит губгъуэм кьекIуэлIахэм яхэтлъагъуащ Къбэрдей шууей хасэм хэт щIалэхэри. Абыхэм ящыщ зыщ зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм и Кьулъкъужьым кьудамэм и пашэ Бабыгуей Сосрыкъуэ.

- Къызэхуэсахэм сахопльэри, си гур хохъуэ, си псэм зегъэпсэху. IцIалэгъуалэм дуней гуфIэгъуэ зэрахьэ. Балигъхэри, я нэгухэр зэлъыIухащи, нэфIэгуфIэщ. Адыгэм нобэ я IуIпыжьгъуэщ, я Iуэтэжыгъуэщ. Мыпхуэдэ махуэ зыIэтыгъуэ Тхьэм куэдрэ кьыдит! Ди адэжьхэр «хьет» жраГъэIэу псэуащи, дэри, Алыхьым жиIэмэ, гъэзугъанэ пэжым дытету, абы дыхуокIуэжри, дызэрыубыдыжауэ, нобэ зэрыптIыгъум хуэдэу дызэрыгъэпльапIэу куэдрэ дунейм дытетыну сохъуахъу! - и гупсысэхэмкIэ кьыддэгуэшащ Бабыгуейр.

Дэ дабгъэдохьэ кхъуейплъыжькIэрыщIэр щекIуэкI хэщIапIэмрэ концерт гъэлъэгъуапIэмрэ я зэхуаку дэт щIыпIэм деж щыт, адыгэ фащэ екIуэкмкIэ зэщIхуэпIыкIа лIитIым. КьызэрыщIэжIымкIэ, тIыри Псыгъэнэу дэс Безырхэ ящыщщ. ЯпэщIыкIэ нэхъыжьым, Мухьэрбий, зыхудогъаз:

- Нобэрей махуэр кьызэрыпщыхьумкIэ укъыддэгуэшамэ ди гуапэт.

- Адыгэ лъэпкъым ди гуфIэгъуэщ. Адыгагъэр кьыщIэтыжьын хуей махуэщ. Дыздит губгъуэри а Iуэхум хуэщIами ярейщ. «Адыгэ» жыIэмэ, а псалъэм Iаджи кьызэщIеубыдэ. Апхуэдэщ дэрэжьагъуэ хуащ щэбэт кIуам Налшык щызэхэта Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ я футбол командэхэм я зэIущIэр. Тодджэгум еплъыну къэкIуахэм я нэгуи зиужьащ гушхуэныгъэ яГуэтащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и Iэхуэгъэ щызэфIэуэнэжу хуеиха «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъат сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу лъэщу кьилыытэ «Спартак-Владикавказ»-р. ХьэщIэхэм зэпеуэм иужь дыдэ увыпIэр игъэлпсту зэрыщIагъыгым къэкIыртрэкъым абыхэм тыншу уапэлъэщыну. Ар кьалъытэу зи щIалэхэм джэгур зэщIэкъуауэ икIи жэуаплныныгъэр зыхащIэу ирагъэжьащ - нэрылъагъут кьыхьлIыхь хъуа я зэхуэмыкIуэныгъэм кIэ иратыну мурад быдэ зэраIэр.

«Спартак-Налшыкым» апхуэдизу лъэщу кьыщIидзати, и хьэрхуэрэгъуэм я щхьэр кьригъэIэтырткъым. МызэмытIэу ди щIалэхэм Iэмал гъэзэджэхэр яIащ, топхэр дагъэкIыну, арщхьэкIэ джэгум и япэ Iыхьэм ар щдахуэсфIэкIар зэ закъуэщ. 26-нэ дакьикъэм ДэхъуИслъам бжыгъэр кьызэIуихащ. Жыжьэу щыта ар зэуа топым «Спартак-Владикавказым» и гуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

Загъэпсэхуну имыкI щыкIэ налшыкдэсхэр нэхъ мащIэ хьуащ. ДэхъуИслъам и хьэрхуэрэгъуэм топыр кьыщытрихым фабжь хьэлъэ ирит пэтащ икIи судьям ар гулъытэншэ ищIакъым - джэгум занщIэу кьыхихуащ.

ЗэфIэкIыр цIыху бжыгъэм зэремылъытар «Спартак-Налшыкым» наIуэу къыщигъэлъэгъуащ зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм. Абы щIидзэри, дахьикъыщ джэгуауэ арат бжыгъэр 2:0 щыхъуам. Бащэ Къантемыр мы зэхьэзэхуэм ебгъуанэ топыр щыдигъэкIащ икIи етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм яхьащ.

Абдежми кьыщIыуыIакъым ди щIалэхэр. Аргуэру дакъикъэ зыхьыбл дэкIри, бжыгъэр ин ящIащ. Хьэшыр Алан зэуа топым кьезыгъэзэджэфын щыIэу кьыщIэкIынтэкъым.

3:0-у япэ ища иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм джэгуплIэ губгъуэм кьрагъэхьащ щIалэщIэ зыбжанэ. Абыхэм зэIущIэр фаджэ ящIакъым икIи текIуэныгъэ дахэкIэ ар тыншу ираГъэхуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Мейкьуапэ и «Дружба»-м лъэпкъ дэрэжьагъуэм кьыпищэфакъым - абы етIуанэу зэкIэлъэхьэжьу фIахьащ. Иджы Адыгейм и футболистхэм очкоитхукIэ япэ ирагъэщащ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда Астрахань и «Волгарь»-р.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгугуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Урожай**» (Краснодар) - **3:0**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) -**1:0**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Интер**» (Черкесск) -**5:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) -**1:0**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хьихьэ кьыкIэтыкIуэ зэIущIэр фокIадэм и 28-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и кьалащхьэм щыдэджэгунущ Мейкьуапэ и «Дружба»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Дыадыгэщ, уей!

Мы гъэм илъэситху мэхъури, ди щIыналъэм Iэтауэ щыдогъэлъапIэ Адыгэхэм ди дунейпсо махуэр. АбыкIэ унафэ кьащтауэ щытащ 2014 гъэм и щыщхьэуIум и 13-м. Тхыдэ дэфтэрхэм кьызэрыхэщыкьымкIэ, илъэс 280-рэ ипэкIэ Белград Iэ щытрадза Мамыр зэгурыIуэныгъэм и еханэ Iыхьэм кьыщагъэлъэгъуауэ щытащ. Къэбэрдейр щхьэхуит зэрыхъуар икIи дуней псом щекIуэкI хуитыныгъэхэм хуэдэ зэрИIэр. Илъэситху ипэкIэ яубзыхуа махуэшхуэр Белград къару щызыгъуэта дэфтэрыр хэIуцIыу щащIа махуэм техуащ.

ЗИ ХАБЗЭРЭ кьызэгъэпэщыкIэ мардэрэ зыгъуэта махуэшхуэр щагъэлъэпIащ ди республикэми адыгэхэр щыпсэу щIыпIэ псоми. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэр екIуу щIалэт Дзэлыкъуэ щIыналъэм. ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэр яублащ фокIадэм и 19-м. Районым хьихьэ жылэхэм дэт курыт школжэми сабий гъэсапIэхэми щрагъэкIуэкIащ Адыгэхэм я махуэм теуху дерс зэIухахэр, пшыхь гуапэхэр. КъыкIэлъыкIуэ махуэм гуфIэгъуэм щыпащащ Дзэлыкъуэкъуажэмы щIыналъэм хиубыдэ жылэхэми.

Дзэлыкъуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан гуфIэгъуэм и саулыкъыкIэ гуапэу захуигъэзащ районым щыпсэухэм. «Адыгэхэм диIэщ дыззэрыпэгэн, дызэрыгушхуэн куэд, - кьыхигъэщащ абы и къэпсэльэныгъэм. - Ди лъэпкъ уардэм игъащIэ льандэрэ къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр, ди анэдэлъхубзэр дэри яхуэтхъуэмэн хуейщ къэкIуэну щIэблэхэм. Зи блэкIам пщIэ хуэзыщIу къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъ лъэпкъхэращ зызыужьыфхэр, ехьулIэныгъэ зыIэрызыгъахьэфхэр. Лъэпкъыбзэу зэхэт ди къэралыгъуэ иным, Урысей Федерацэм, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ субъект дыхэтщи, дяпэкIи зыуэзащIыныгъэрэ зэпэщIыныгъэрэ диIэу Тхьэм дигъэпсэу адыгэхэр!»

Бахъсэн щекIуэкIыну республикэпсо дауэдапщэм хэтыну я щуиейхэр, абы щагъэлъэгъуэну щIыналъэ пщIантIэр ирагъажьа нэужь, дзэлыкъуэдэсхэм жылэхэм щалэтащ Адыгэхэм я махуэр. ДэнэкIи щызэхэпхыр адыгэ лъэпкъым хуэгъэза хуэхъу дахэхэт, макъамэ екIуэт, плъагъури нэжэгужагъэр дэрэжьагъуэрэ зи нэгум кьрих цIыхухэрат.

Дыгъэм уэгур игъэдахэм,
Дыадыгэщ, уей!
Ди щIыналъэр жэнэт лъахэм,
Дыадыгэщ, уей!
Дохъумэжьыр ди лъэпкъ хабзэр,
Ди пшынэбзэр мэбзэрабзэ,
ПщIэ худощIыр вагъуэ-шабзэм,
Дыадыгэщ, уей!

Мы уэрэд цIырыIуэм хэт псалъэхэр махуэшхуэм хэт дэтхэнэми и гум кьиIукI хуэдэт.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Щэбэт кIуам Налшык и ипподромым щекIуэкIащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм техуа шыгъажэ. АбыкIэ зэхуащIыжащ 2019 гъэм и щыгъажэ пIальэри.

МЫЛЪКУКIЭ шыгъажэм щIэгъэкъуэн хуэхъуащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Прохладнэ къалэмрэ. Ахъшэ саугъэтри сом мин 400 хьурт.

Зэхьэзэхуэр кьыщIэзэIуахьым и пэ къихуэу кьызэхуэзэсахэм, шыгъажэм хэтыну-хэмрэ абы и къэзыIэпэщIакIуэхэмрэ Адыгэхэм я дунейпсо махуэмкIэ екъуэхъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ** Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэхэр кьызэзэIущIэзыубыда «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м и щIыналъэ унафэщI **Щоджэн Хьэчимрэ**. Къэпсэльэхэм кьыхасэщащ ягъэлъапIэ махуэшхуэр адыгэ лъэпкъым кьикIуа гъэугуанэм и дамыгъэу зэрыщ